

Kiyès ki dwe pran MCAS?

Tout elèv ki nan klas 3yèm-8yèm ane ak 10yèm ane ki ale nan pwogram lekòl ki finanse publikman oblige patisipe nan evalyasyon MCAS nan tout eta a. Yon gwoup elèv relativman piti, ki gen andikap signifikatif pran MCAS-Alt si yo pa kapab pran tès MCAS regilye a, menm avèk aranjman.

Desizyon pou patisipe nan evalyasyon altènativ la fèt chak ane baze sou kritè DESE yo, pa ekip IEP elèv yo ki gen ladann paran/ responsab Elèv ki pran evalyasyon altènativ la, resevwa enstriksyon endividiyèl ki te modifie anpil pa rapò a enstriksyon lòt elèv yo resevwa. Tanpri sonje ke patisipasyon nan MCAS-Alt ka gen enpak sou kapasite pitit ou a pou l resevwa yon diplòm lekòl segondè.

Poukisa yo mete elèv ki gen andikap nan MCAS ak MCAS-Alt?

Se lalwa

Lwa eta ak federal egzije patisipasyon tout elèv nan yon evalyasyon nan tout eta a. Evalyasyon altènativ la pèmèt elèv ki gen gwo andikap mantal ki pa kapab pase tès MCAS nòmal la pou "monstre sa yo konnen" epi resevwa enstriksyon nan yon nivo ki estimilan ak aksesib pou yo.

MCAS ede detèmine ki valè elèv la te aprann.

Yon MCAS-Alt montre ki konpetans elèv la te aprann pandan ane eskolè a. Nòt akonplisman yo bay fidbak ki ka itilize pou idantifye objektif pi difisil ak enstriksyon pou lavni.

Enkli tout elèv asire ke yo anseye tout elèv.

Konte rezulta elèv ki te pran MCAS-Alt vle di ke elèv sa yo gen plis chans pou yo konsidere yo lè y ap pran desizyon pou resous.

Ofiramezi aprantisaj ap amelyore, atant yo vin pi elve.

Evidans montre, ke elèv aprann pi byen lè yo angaje nan enstriksyon ki baze sou estanda aprantisaj eta a, ak lè yo patisipe nan evalyasyon ki baze sou estanda aprantisaj sa yo.

Kijan yo itilize rezulta MCAS-Alt yo?

Rezulta MCAS-Alt yo ta dwe sèvi nan lekòl la ak ekip IEP a pou:

- idantifye objektif akademik pi difisil epi planife enstriksyon pou elèv la
- mezire pwogrè elèv la nan reyalize konpetans ki baze sou estanda akademik altènativ nan kad kourikoulòm Massachusetts
- bay ase resous lekòl pou edikasyon elèv la
- detèmine si lekòl yo ak distri yo ap fè pwogrè nan edikasyon elèv ki gen pi gwo andikap yo

Èske elèv yo ranpli kondisyon eta a mete pou gradyasyon epi resevwa diplòm lan si yo patisipe nan MCAS-Alt a?

Nou vle ou konnen ke patisipasyon nan yon evalyasyon altènativ ka gen enpak sou kapasite pitit ou a pou l ranpli egzijans eta a pou l resevwa yon diplòm lekòl segondè paske MCAS-Alt evalye estanda aprantisaj ki **pi ba** pase atant ki nesesè pou satisfè kondisyon gradyasyon eta a. Kidonk, elèv ki patisipe nan MCAS-Alt yo p ap kapab satisfè kondisyon gradyasyon eta a.

Objektif egzijans gradyasyon eta a se asire ke yon elèv k ap resevwa yon diplòm Massachusetts kapab demonstre konpetans debaz nan lang angle, matematik, ak syans e teknoloji/jeni anvan li antre nan edikasyon apre lekòl segondè oswa nan espas travay la.

Egzijans sa a te an plas pou tout elèv kòmanse ak klas ki gradye nan ane 2003. Ou ka aprann plis sou kondisyon gradyasyon yo nan www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html.

Pou satisfè kondisyon gradyasyon eta a, yon elèv dwe fè youn nan bagay sa yo:

- pran epi pase tès MCAS obligatwa yo;
- soumèt yon pòtfolyo konpetans ki demonstre konesans ak konpetans elèv la nan yon nivo akonplisman 10yèm ane; oswa
- resevwa yon Kontestasyon Pèfòmans MCAS ki dokimante mwayèn nòt yo konpare ak lòt elèv ki pran kou nan nivo klas yo. Enfòmasyon sou kontestaasyon MCAS yo disponib nan <https://www.doe.mass.edu/mcasappeals/>.

Pou plis enfòmasyon

Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts (MCAS) www.doe.mass.edu/mcas

Evalyasyon Altènativ MCAS (MCAS-Alt) www.doe.mass.edu/mcas/alt

Egzijans Patisipasyon MCAS pou elèv ki gen andikap www.doe.mass.edu/mcas/accessibility

Kondisyon pou gradyasyon ak kontestasyon pèfòmans MCAS www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html

Si w genyen kesyon lmèl: mcas@mass.gov

MCAS Prentan 2024

Evalyasyon Altènativ (MCAS-Alt)

Rapò Paran/Gadyen Legal



Non:

Lekòl:

Distri:

SASID (Identifikasiyon Etidyan Leta Asiyen):

Klas:

Dat Nesans:

Nan anvlòp la w ap jwenn rezulta pitit ou pou Evalyasyon Altènativ MCAS 2024 la (MCAS-Alt). Tout elèv yo oblige patisipe nan MCAS, swa lè yo pran egzamen MCAS estanda yo oswa lè yo patisipe nan Evalyasyon Altènativ MCAS (MCAS-Alt) pou elèv ki gen gwo andikap yo, ki satisfè kondisyon kalifikasyon yo. Lekòl pitit ou a te soumèt MCAS-Alt yo prentan pase a, jan sa endike nan IEP oswa plan 504 yo. MCAS-Alt se yon dosye sou nivo siksè pitit ou a, ki gen ladan yon koleksyon travay akademik li. Avan yo te soumèt li, lekòl pitit ou a te gen obligasyon pou envite w pou egzamine evalyasyon pitit ou a.

Tanpri rankontre pwofesè pitit ou a (yo) pou diskite sou siyifikasyon rezulta sa yo, ak pou pale sou objektif pitit ou yo pou ane ki pral vini an. Asistans ou enpòtan anpil. Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè (DESE) ta renmen rekonèt travay di pwofesè pitit ou a nan prepare MCAS-Alt epi kontribye nan efò enpòtan ak meritab sa a.

Nòt Jeneral Pitit Ou a

Lang ak Literati Angle

Nivo Revisit

Matematik

Nivo Revisit

Syans ak Teknoloji/Jeni

Nivo Revisit

Objektif MCAS-Alt

MCAS-Alt se yon evalyasyon ki fèt pou mezire siksè elèv ki gen gwo andikap kognitif nan domèn Lang ak Literati Angle, Matematik, ak Syans e Teknoloji/Jeni. Yo atann ke pitit ou a pral demonstre konesans li nan estanda eta a nan nivo ki estimilan e awpôpriye.

Objektif MCAS-Alt la se asire ke lekòl yo ap anseye tout elèv estanda yo, kèlkeswa andikap yo genyen e menm lè yo pa ka montre sa yo konnen nan yon tès estanda.

Kisa MCAS-Alt ye?

MCAS-Alt pitit ou a gen ladann echantyon devwa lekòl yo ak yon dosye sou pwogrè li nan matyè k ap evalye a. Chak evalyasyon gen ladann echantyon travay ak dokiman sou pwogrè nan menm matyè yo evalye nan tès estanda MCAS pou yon elèv nan klas sa a. Elèv k ap pran MCAS-Alt la ap travay sou konesans ak konpetans ki baze sou estanda revisit altènativ yo. Yo bay plis eleman sou MCAS-Alt la nan Manyèl Edikatè (Educator's Manual) pou MCAS-Alt, ki disponib nan <http://www.doe.mass.edu/mcas/alt/edmanual.docx>.

Deskriptè Nivo Akonplisman

Depase Atant yo	Yon elèv ki bay randman nan nivo sa a depase atant yo pou nivo klas la paske li demonstre li metrize matyè a.
Satisfè Atant yo	Yon elèv ki bay rannman nan nivo sa a satisfè atant yo pou nivo klas la epi li nan bon direksyon akademik pou li reyisi nan nivo klas li ye aktyèlman an pou matyè sa a.
Satisfè Pasylman Atant yo	Yon elèv ki bay rannman nan nivo sa a satisfè pasylman atant yo pou nivo klas la nan matyè sa a. Lekòl la, nan konsiltasyon ak paran/responsab legal elèv la, dwe anvizaje si elèv la bezwen asistans akademik adisyonèl pou li reyisi matyè sa a.
Pa Satisfè Atant yo	Yon elèv ki bay randman nan nivo sa a pa satisfè atant pou nivo klas la nan matyè sa a. Lekòl la, an kolaborasyon avèk paran/responsab legal elèv la, dwe detèmine asistans akademik koòdone ak/oswa ansèyman adisyonèl elèv la bezwen pou li reyisi nan matyè sa a.
Ap Pwogrese	Yon elèv ki nan nivo sa a demonstre yon konpreyansyon pasyl enferyè ak atant klas li nan estanda chwazi ak konesans sijè prensipal ki genyen nan kad kourikoulòm Massachusetts pou sijè a Elèv nan nivo sa a ap aprann nouvo konesans, konpetans ak konsèp regilyèman. Elèv yo bezwen yon ti asistans tou piti, epi pèfòmans yo fondamantalman presi.
Emèjan	Yon elèv ki nan nivo sa a demonstre yon konpreyansyon senp ki enferyè ak atant klas li sou yon kantite limite estanda e konesans prensipal ki genyen nan kad curriculum Massachusetts pou sijè a Elèv nan nivo sa a bezwen ankourajman ak asistans souvan, epi pèfòmans yo limite e enkonsistan.
Konsyans	Yon elèv ki nan nivo sa a demonstre yon konpreyansyon ki tou piti nan estanda e konesans sijè prensipal ki genyen nan kad kourikoulòm Massachusetts pou sijè a. Elèv nan nivo sa a bezwen anpil ankourajman ak asistans, epi pèfòmans li pou laplipa inegzat.
Enkonplè	Pa gen ase prèv ak enfòmasyon nan pòtfolyo a pou pèmèt yon nivo akonplisman rive detèmine nan sijè a.

Seksyon ki anwo a montre akonplisman jeneral pitit ou nan chak sijè evalyasyon altènatif la.

Yo te bay nòt MCAS-Alt nan chak zòn ki montre anba a. Nòt pou Nivo Konpleksite, Demonstrasyon Konpetans ak Konsèp (presizon), ak Endependans te konbine pou nivo akonplisman jeneral la.

Zòn Evalyasyon MCAS-Alt a ak Nòt Pitit ou

LANG AK LITERATI ANGLE						MATEMATIK						SYANS AK TEKNOLOJI/JENI					
	Nivo Konpleksite	Demonstrasyon Konpetans ak Konsèp	Endependans	Oto-Evalyasyon	Pèfòmans Jeneralize		Nivo Konpleksite	Demonstrasyon Konpetans ak Konsèp	Endependans	Oto-Evalyasyon	Pèfòmans Jeneralize		Nivo Konpleksite	Demonstrasyon Konpetans ak Konsèp	Endependans	Oto-Evalyasyon	Pèfòmans Jeneralize
	1 2 3 4 5	M 1 2 3 4	M 1 2 3 4	M 1 2	1 2												
Lang	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>												
Lekti	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>												
Ekriti	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>												

KLE tèks ou gendwa wè nan kare anwo rapò pitit ou a:

Expressions and Equations [Ekspresyon ak Ekwasyon]	Number and Operations in Base Ten [Chif e Operasyon nan Baz Dis]	Ratios and Proportional Relationships [Pousantaj e Rapò Pwopòsyonèl]
Functions [Fonksyon]	Number and Operations – Fractions [Chif e Operasyon – Fraksyon]	Statistics and Probability [Estatistik e Pwobabilitè]
Measurement and Data [Mezi ak Done]	Geometry [Jeometri]	The Number System [Sistèm Nimewo a]
Operations and Algebraic Thinking [Operasyon e Panse Algebrik]	Algebra [Aljeb]	Number and Quantity [Chif ak Kantite]

KLE tèks ou gendwa wè nan kare anwo rapò pitit ou a:

Earth and Space Science [Syans Lespas ak Latè]	Physical Sciences [Syans Fizik]
Life Science [Syans Lavi]	
Biology [Byoloji]	
Chemistry [Chimi]	

Yo te bay pòtfolyo pitit ou a nòt sou baz Zòn Evalyasyon sa yo:

Nivo Konpleksite — Kòman pitit ou a te abòde nivo estanda nan chak sijè (strand)

- 5 - Elèv la te abòde yon gwo kantite nan kad estanda kourikoulòm aprantisaj yo (twa osa plis) nan nivo ki reponn ak atant nan strand sa a.
- 4 - Elèv la te abòde yon ti echantyon nan kad estanda kourikoulòm aprantisaj yo (youn osa de) nan nivo ki reponn ak atant nan strand sa a.
- 3 - Elèv la te abòde kad estanda kourikoulòm aprantisaj ki te modifie nan yon nivo ki enferyè ak nivo atant nan strand sa a.
- 2 - Elèv la abòde prensipalman "aksè konpetans" sosyal, motè, ak komunikasyon pandan enstriksyon ki baze sou kad kourikoulòm aprantisaj estanda nan strand sa a.
- 1 - Strand reflete ti kras osa pa gen okenn baz nan, osa pa matche ak, estanda aprantisaj kad kourikoulòm ki nesesè pou evalyasyon a.

Demonstrasyon Konpetans ak Konsèp — Pousantaj repons presi (kòrèk).

- 4 - Pèfòmans elèv la presi epi li kenbe yon wo nivo kalite nan strand sa a (76–100% presi).
- 3 - Pifò Pèfòmans elèv la presi epi li montre kèk konpreyansyon pou strand sa a (51–75% presi).
- 2 - Pèfòmans elèv la limite e enkonsistan parapò ak presizon epi li demonstre konpreyansyon limite pou strand sa a (26–50% presi).
- 1 - Pèfòmans elèv la prensipalman enkòrèk epi lidemontre yon nivo konpreyansyon minim pou strand sa a (0–25% presi).
- M - Strand pa gen ase enfòmasyon pou detèmine yon nòt.

Endependans — Kantite asistans pitit ou a te resevwa

- 4 - Elèv ki mande asistans minim vèbal, vizyèl, ak fizik pou demonstre konpetans ak konsèp nan strand sa a (76–100% endependans).
- 3 - Elèv ki mande kèk asistans vèbal, vizyèl, ak fizik pou demonstre konpetans ak konsèp nan strand sa a (51–75% endependans).
- 2 - Elèv ki souvan mande asistans vèbal, vizyèl, ak fizik pou demonstre konpetans ak konsèp nan strand sa a (26–50% endependans).
- 1 - Elèv ki mande anpil asistans vèbal, vizyèl, ak fizik pou demonstre konpetans ak konsèp nan strand sa a (0–25% endependans).
- M - Strand pa gen ase enfòmasyon pou detèmine yon nòt.

Oto-Evalyasyon — Konsyans pitit ou sou pèfòmans li

- 2 - Elèv la souvan planifye, korije tèt li, fè swivi, fikse objektif, ak reflechi sou sijè sa a; plizyè egzanp oto-evalyasyon te preznan strand sa a.
- 1 - Elèv la pa souvan planifye, korije tèt li, fè swivi, fikse objektif, ak reflechi sou sijè sa a; yon sèl egzanp oto-evalyasyon te verifye strand sa a.
- M - Nou pa jwenn evidans planifikasyon, oto-koreksyon, swivi travay, fikse objektif, ak refleksyon nan pòtfolyo elèv la pou strand sa a.

Pèfòmans Jeneralize — Kantite apwòch pitit ou itilize pou demonstre konesans ak konpetans yo

- 2 - Elèv la demonstre konesans ak konpetans nan plizyè konteks, osa sèvi ak plizyè apwòch ak/oswa metòd repons ak patisipasyon nan strand sa a.
- 1 - Elèv la demonstre konesans ak konpetans nan yon konteks, osa sèvi ak yon apwòch ak/oswa metòd repons ak patisipasyon nan strand sa a.

Nivo Randman Pitit ou (✓)

Lang ak Literati Angle	Matematik	Syans ak Teknoloji/Jeni
		<p>KLE tèks la ou gendwa wè nan rapò pitit ou a:</p> <p>NOT ASSESSED FOR A STUDENT IN THIS GRADE [LI PA EVALYE POU YON ELÈV NAN KLAS SA A]</p> <p>REQUIRED BUT NOT SUBMITTED [OBLIGATWA MEN YO PA SOUMÈT LI]</p> <p>STUDENT TOOK STANDARD TEST [ELÈV LA TE PRAN TÈS ESTANDA A]</p> <p>ABSENT [ABSAN]</p>